



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI DEKLARE 27 JEN KÒM JOUNEN DEPISTAJ SOU TWOUB ESTRÈS PÒS TWOMATIK

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare 27 jen kòm Jounen Depistaj Sou Twoub Estrès Pòs Twomatik (Post-Traumatic Stress Disorder PTSD), nan kad Mwa Sansibilizasyon Nasyonal kont Twoub Estrès Post-twomatik (National Post-Traumatic Stress Disorder Awareness Month), pou mete aksan sou enpòtans sante mantal epi ankouraje moun, espesyalman Veteran yo, pou yo sibi tè depistaj. Twoub Estrès Pòs Twomatik ka afekte nenpòt moun ki te fè eksperyans oswa temwen evènman twomatizan, tankou konba, dezaz, aksidan, blesi, oswa agresyon. Anpil Veteran nan fòs lame nasyon nou an fè eksperyans Twoub Estrès Pòs Twomatik apre yo fin andire chòk ki gen rapò ak militè, tankou blesi fizik, emosyonèl, ak sikolojik ki soti nan eksperyans yo.

Nou rekonèt ke PTSD ka gen yon enpak pwofon sou lavi moun epi nou kwè nan enp idantifikasyon ak entèkansyon bonè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pran inisyativ pou nou fè tè depistaj, nou ka idantifye siy PTSD yo byen bonè epi asire ke moun ki te fè eksperyans ak chòk yo resevwa sipò yo bezwen an. Li esansyèl pou nou bay sante mantal nou an priyorite epi kraze baryè estigma yo, paske gerizon kòmanse ak sansibilizasyon."

Pou fasilite oto-evalyasyon, moun yo ka itilize [zouti pou oto-depistaj](#) Sant Nasyonal pou PTSD la, ki se yon kesyonè kout ki gen senk kesyon. Lè yo reponn kesyon sa yo onètman, moun yo ka jwenn apèsi sou prezans potansyèl PTSD ak enpak li sou byennèt pa yo. Yon nòt twa oswa plis repons pozitif ka endike bezwen pou plis evalyasyon pa pwofesyonèl swen sante yo.

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta New York la, Viviana DeCohen, te deklare, "Jounen Depistaj PTSD a sèvi kòm yon rapèl enpòtan ke sante mantal merite pi gwo atansyon ak sipò nou, san okenn estigma. Nou ankouraje Veteran yo ak tout moun ki ap fè eksperyans ak chòk yo pou wpofoite opòtinite sa a pou oto-refleksyon epi chèche sipò ki nesèsè yo."

Doktè Ann Marie T. Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Twob estrès pòs twomatik afekte apeprè sèt pousan moun nan yon moman nan lavi yo epi souvan yo pa rekonèt epi yo pa trete yo. Jounen Depistaj Twoub Estrès Pòs Twomatik la se yon opòtinite pou sansibilize tout moun sou PTSD epi ankouraje tout zanmi nou yo ak manm fanmi nou ki ka gen sentòm PTSD pou yo pale ak doktè yo pou yo fè tès depistaj yo."

Gouvènè Hochul te fè sante mantal vin yon priyorite pou administrasyon li a, lè li [te garanti dènyèman](#) pasaj yon plan konplè 1 milya dola pou plizyè ane ki pral ogmante aksè ak swen sante mantal epi redwi dramatikman kantite Nouyòkè ki gen bezwen sante mantal ki pa satisfè. Envestisman istorik nan sante mantal pral elaji sèvis pou pasyan ki entènè yo ak pou pasyan ekstèn, ki gen ladan pwogram ki enfòmè sou twomatiz ki efikas espesyalman nan sipòte ak trete moun ki afekte pa PTSD yo.

Gouvènè Hochul te efekte tou plizyè milyon dola pou sipòte sante mantal Veteran New York yo, bay 7.7 milyon dola pou elaji Pwogram Sipò pou Veteran ant Konpanyon Joseph P. Dwyer a nan tout eta a epi asire ke chak Veteran nan New York gen aksè ak sipò ant konpanyon ki enpòtan ak resous pwogram sa a bay. Pwogram Dwyer a ofri yon modèl sipò ki pa klinik pa Veteran pou Veteran ki gen difikilte ak PTSD, blesi twomatik nan sèvo (traumatic brain injury, TBI), lide swisid, ak lòt pwoblèm sante mantal.

An me 2022, Gouvènè Hochul te anonse tou lansman [Enkyè Pou Yon Veteran](#)—yon nouvo resous sou entènèt sou mwayen mòtèl pou ede anpeche swisid pami veteran ak manm sèvis yo. Resous sa ki konsantre sou fanmi, ke Divizyon Sèvis Veteran ak Biwo Sante Mantal la te elabore pandan plis pase de ane, ede fanmi militè ak swayan yo lè li bay yon Veteran oswa yon manm sèvis yon moun pou pale ak li pandan yon moman detrès sante mantal.

Pou plis enfòmasyon, tanpri revize [gid PTSD](#) Biwo Sante Mantal Eta New York la epi vizite [paj resous](#) Sant Nasyonal pou PTSD a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)